



# Commonwealth of Massachusetts

## DEPATMAN Sèvis Piblik

### AVI DEPO AK ODYANS PIBLIK YO

D.P.U. 24-144

4 Novanm 2024

Petisyon Boston Gas Company ki gen non komèsyal National Grid, daprè G.L. c. 25, § 21, pou Depatman Sèvis Piblik yo apwouve Plan Efikasite Enèjetik Twazan li a pou 2025 jiska 2027.

Jou ki te 31 Oktòb 2024 la, Boston Gas Company ki gen non komèsyal National Grid (“Konpayi”), te depoze yon petisyon nan Depatman Sèvis Piblik (“Depatman”) pou mande apwobasyon pou Plan Efikasite Enèjetik Twaz-an li a pou 2025 jiska 2027 (“Plan Twaz-an”). Plan Twaz-an yo pwopoze a gen ladan 1 tou depo Sèvis Konsèvason Rezidansyèl Konpayi a daprè G.L. c. 164, Aplikasyon. § 2-7(h). Depatman an enskri afè sa nan D.P.U. 24-144.

Daprè G.L. c. 25, § 21, tout konpayi distribisyon kouran ak gaz Massachusetts, ak agregatè minisipal ki gen plan efikasite sètifye (ansanm ak, “Administratè Pwogram yo”), oblige devlope, an konsiltasyon avèk Konsèy Konsilitatif pou Efikasite Enèjetik la (“Konsèy”), plan ki bay pou akizisyon tout efikasite enèjetik ki disponib yo ak resous rediksyon demann ki rantab oswa ki mwen chè pase òf la. Anplis de sa, Plan Twaz-an yo dwe atenn objektif rediksyon emision gaz Sekretè Enèji a ak Zafè Anviwònman an fikse yo.

Nan tout eta a, Administratè Pwogram yo ansanm pwopoze pou yo envesti anviwon \$5 milya pou travay pou efikasite enèjetik ak dekabonizasyon sou dire Plan Twaz-an, yo deklare ki pral bay yon benefis total ki se \$13 milya pou kliyan Massachusetts yo. Plan Twazan Konpayi a pwopoze a gen ladan pwogram efikasite enèjetik pou rezidansyèl, pou kliyan ki gen fèb-revni, pou kliyan komèsyal ak kliyan endistriyèl yo (“C&I”).

Bidjè total konpayi a pwopoze pou Dire Plan Twaz-an 2025-2027 la se \$965,558,364 (sa vle di, \$294,567,016 nan lane 2025, \$317,309,646 nan lane 2026, ak \$353,681,702 nan lane 2027). Si yo apwouve Plan Twaz-an Konpayi a jan yo pwopoze 1 la, Konpayi a deklare kliyan yo ka remake chanjman sa yo sou bòdwo yo:

- Kliyan chofaj rezidansyèl yo (R-3) k ap itilize 107 tèmi gaz chak mwa pandan peryòd ki gen plis aktivite a ka gen yon ogmantasyon \$19.47 (oswa 7.4 pouzan) maksimòm sou bòdwo a chak mwa nan lane 2025; yon rediksyon \$16.43 (oswa 5.8 pouzan) maksimòm sou bòdwo a chak mwa nan lane 2026; ak yon ogmantasyon \$4.25 (oswa 1.6 pouzan) maksimòm sou bòdwo a chak mwa nan lane 2027.
- Kliyan chofaj rezidansyèl ki gen fèb revni (R-4) k ap itilize 106 tèmi gaz chak mwa pandan peryòd ki gen plis aktivite a ka gen yon ogmantasyon \$14.44 (oswa 7.4

pousan) maksimòm sou bòdwo a chak mwa nan lane 2025; yon rediksyon \$12.17 (oswa 5.8 pousan) maksimòm sou bòdwo a chak mwa nan lane 2026; ak yon ogmantasyon \$3.16 (oswa 1.6 pousan) maksimòm sou bòdwo a chak mwa nan lane 2027.

- Yon kliyan rezidansyèl (R-3) nan zòn sèvis ansyen Colonial Gas Company k ap itilize 107 tèmi gaz chak mwa nan sezon fredi a ap gen yon ogmantasyon \$19.48 (7.9 pousan) maksimòm sou bòdwo a chak mwa nan lane 2025; yon rediksyon \$16.42 (oswa 6.1 pousan) sou bòdwo a chak mwa nan lane 2026; ak yon ogmantasyon \$4.25 (oswa 1.7 pousan) sou bòdwo a chak mwa nan lane 2027.
- Yon kliyan asistans rezidansyèl ki gen fèb revni (R-4) ki nan zòn sèvis ansyen Colonial Gas Company k ap itilize 106 tèmi gaz chak mwa nan sezon fredi a ap gen yon ogmantasyon \$14.44 (7.9 pousan) sou bòdwo a chak mwa nan lane 2025; yon rediksyon \$12.17 (oswa 6.1 pousan) sou bòdwo a chak mwa nan lane 2026; ak yon ogmantasyon \$3.16 (oswa 1.7 pousan) sou bòdwo a chak mwa nan lane 2027.
- Chanjman k ap fèt sou bòdwo kliyan C&I yo ap varye. Kliyan sa yo dwe kontakte Konpayi an jan sa endike anba a pou yo jwenn enfòmasyon espesifik sou chanjman k ap fèt sou bòdwo yo.

Depatman an ap fè odyans piblik sa yo pou 1 resevwa kòmantè sou petisyon Konpayi a, jan sa a ekri pi ba a:

- **Odyans an-pèsòn k ap fèt nan jou k ap 3 Desanm 2024 la, ap kòmanse a 7:00 pm, Worcester nan Hogan Campus Center, Suite B/C 4th, College of the Holy Cross, 1 College Street, Worcester, MA 01610.** Sèvis entèpretasyon (Espanyòl, Chinwa [Mandaren ak Kantonè], ak Vyetnamyen) ap disponib nan odyans piblik an pèsòn sa a.
- **Odyans an-pèsòn k ap fèt nan jou k ap 4 Desanm 2024 la, ap kòmanse a 7:00 pm, New Bedford nan Keith Middle School, 225 Hathaway Blvd., New Bedford, Massachusetts 02740.** Sèvis entèpretasyon (Espanyòl, Kreyòl Ayisyen ak Pòtigè) ap disponib nan odyans piblik an pèsòn sa a.
- **Odyans piblik vityèl k ap fèt nan jou k ap 5 Desanm 2024 la, ap kòmanse a 2:00 pm y ap fè l ak videyokonferans Zoom nan lyen y ap bay anba a.** Sèvis entèpretasyon (Espanyòl, Pòtigè, Chinwa [Mandaren ak Kantonè], Kreyòl Ayisyen ak Vyetnamyen) ap disponib nan odyans piblik vityèl sa a.
- **Odyans an-pèsòn k ap fèt nan jou k ap 5 Desanm 2024 la, ap kòmanse a 7:00 p.m., Boston nan Depatman Sèvis Piblik, One South Station, Boston, Massachusetts.** Sèvis entèpretasyon (Espanyòl, Pòtigè, Chinwa [Mandaren ak Kantonè], Kreyòl Ayisyen, Ris ak Vyetnamyen) ap disponib nan odyans piblik an pèsòn sa a.

Patisipan yo ka patisipe nan odyans piblik vityèl k ap fèt 5 Desanm 2024 la lè yo antre sou lyen an, <https://us06web.zoom.us/j/89518573642>, sou yon òdinatè, sou yon telefòn entèlijan oswa sou yon tablèt. Ou p ap bezwen telechaje okenn lojisyèl avan sa. Pou patisipan yo gen aksè ak fòma odyo-sèlman pou odyans piblik vityèl la, yo ka konpoze **(646) 558-8656 oswa (309) 205-3325 (apèl la pa gratis)** epi antre **#Idantifikasyon Reyinyon an (Meeting ID) ki se 895 1857 3642**. Sèvis entèpretasyon (Espanyòl, Pòtigè, Chinwa [Mandaren ak Kantonè], Kreyòl Ayisyen ak Vyetnamyen) ap disponib sou platfòm Zoom lan lè w klik sou bouton "Entèpretasyon (Interpretation)" nan meni ki anba ekran aplikasyon Zoom lan epi chwazi lang ou a (sa vle di, Espanyòl, Pòtigè, Chinwa [Mandaren ak Kantonè], Kreyòl Ayisyen ak Vietnamyen).

Si w prevwa bay kòmantè pandan nenpòt nan odyans piblik yo, tanpri voye yon imèl avan **Vandredi 29 Novanm 2024** la, sou [krista.hawley@mass.gov](mailto:krista.hawley@mass.gov) ak non w, adrès imel ou ak adrès postal ou.

Nenpòt moun ki entèrese pou 1 fè kòmantè nan odyans yo ka soumèt kòmantè alekri pa pita pase fen jounen travay **Vandredi 6 Desanm 2024** la avan (5:00 pm). Tanpri sonje, pou kesyon transparans, y ap afiche tout kòmantè yo sou sit entènèt Depatman an jan yo te resevwa yo a, san yo pa mete okenn enfòmasyon pèsonèl, tankou adrès, nimewo telefòn oswa adrès imel. Se poutèt sa, reflechi sou kantite enfòmasyon ou vle pataje lè w ap soumèt kòmantè yo. Depatman an ankouraje tout moun pou yo soumèt kòmantè piblik yo sou imel pandan y ap itilize metòd yo dekri anba a. Men, si yon manm piblik la pa kapab voye kòmantè alekri sou imel, yo ka voye yon kopi papye bay Mark D. Marini, Sekretè, Department of Public Utilities, One South Station, Boston, Massachusetts, 02110.

Nenpòt moun ki vle patisipe nan yon lòt fason nan faz prèv pwosedi sa a dwe depoze yon petisyon otorizasyon alekri pou yon entèvansyon bò kote Depatman an. Yon petisyon otorizasyon pou yon entèvansyon dwe satisfè delè a ak egzijans sibstansyèl daprè 220 CMR 1.03. Depatman an te etabli de mwayen pwosedi pou yo revize Plan Twaz-an yo, yo konnen yo sou non "Mwayen Jeneral" ak "Mwayen Altènatif". Ödonans k ap Apwouve Enstriksyon ki Revize yo sou Efikasite Enèjetik, D.P.U. 20-150-A (3 Me 2021) ("Enstriksyon"). Enstriksyon § 3.7.2(a). Yon patisipan Mwayen Jeneral se yon pati ki gen enterè yo reprezante nan Konsèy la daprè G.L. c. 25, § 22(a). Yon antite yo te gentan bay otorizasyon entèvansyon kòm yon pati konplè oswa yon patisipan limite ap konsidere kòm yon patisipan Mwayen Jeneral pou pwochen Pwosedi Plan Twaz-an an. Yon patisipan Mwayen Altènatif se nenpòt antite Depatman an jwenn, daprè G.L. c. 30A § 10, pwosedi sa yo afekte yon fason ki sibstansyèl oswa ki espesifik men ki: (1) pa t patisipe nan pwosesis Konsèy la oswa enterè yo pa t byen reprezante; epi (2) potko janm patisipe nan yon pwosedi Plan Twaz-an kòm yon pati konplè oswa kòm yon patisipan limite.

Moun/antite Mwayen Jeneral yo ki vle patisipe nan faz prèv pwosedi sa a dwe depoze yon petisyon otorizasyon alekri pou yon entèvansyon bò kote Depatman an pa pita pase fen jounen travay **Vandredi 1ye Novanm 2024** la. Moun/antite Mwayen Altènatif yo ak tout lòt moun/antite ki vle patisipe nan faz prèv pwosedi sa a dwe depoze yon petisyon otorizasyon alekri pou yon entèvansyon bò kote Depatman an pa pita pase fen jounen travay **Jedi 14 Novanm 2024** la. Se lè Depatman an resevwa 1 la, se pa voye 1 pa lapòs, ki se depo a epi ki

detèmine si yon petisyon te depoze atan. Yo ka anile yon petisyon yo te depoze an reta paske yo pa t respekte delè yo te bay la, sof si gen yon bon rezon pou yo renonse ak sa daprè 220 CMR 1.01(4). Pou yo otorize l, yon petisyon daprè 220 CMR 1.03(1) dwe satisfè egzijans kalite yo daprè G.L. c. 30A, § 10. Tout repons pou Petisyon Mwayen Jeneral pou Entèvansyon yo dwe depoze avan fen jou travay **Madi 5 Novanm 2024 la.** Tout repons pou Petisyon Mwayen Altènatif pou Entèvansyon yo dwe depoze avan fen jou travay **Lendi 18 Novanm 2024 la.**

Si yon moun oswa yon antite vle soumèt kòmantè yo oswa yon petisyon pou entèvansyon daprè Avi sa a, li ka sèlman soumèt li elektwonikman. Yo dwe soumèt tout kòmantè oswa petisyon pou entèvansyon yo bay Depatman an sou fòma .pdf ki anekse ak i-mel la sou [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov) epi sou [krista.hawley@mass.gov](mailto:krista.hawley@mass.gov). Anplis de sa, yo dwe soumèt tout kòmantè oswa petisyon entèvansyon yo bay avoka Konpayi a, Christopher Tuomala, Avoka, nan National Grid, ki anekse ak imel la sou [Christopher.Tuomala@nationalgrid.com](mailto:Christopher.Tuomala@nationalgrid.com). Tèks imel la dwe presize: (1) nimewo dosye pwosedi a (D.P.U. 24-144); (2) non moun lan oswa non konpayi ki soumèt depo a; epi (3) yon tit deskriptif tou kout pou dokiman an. Y ap afiche tout dokiman ki soumèt sou fòma elektwonik yo sou sit entènèt Depatman an nan Sal Fichye anliy nou an depi sa posib (antre “24-144”) nan:

<https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber>.

Pou w mande dokiman nan fòma ki aksesib pou moun ki gen andikap yo (Bray, gwo karaktè, fichye elektwonik, fòma odyo), kontakte kowòdonatè ADA Depatman an sou [eadiversity@mass.gov](mailto:eadiversity@mass.gov) oswa 617-626-1282. Nenpòt moun ki vle jwenn plis enfòmasyon konsènan Plan Twazan an ta dwe kontakte avoka Konpayi a, Christopher Tuomala, Avoka, nan telefòn nan 351-666-7799 oswa sou [Christopher.Tuomala@nationalgrid.com](mailto:Christopher.Tuomala@nationalgrid.com). Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan Avi sa a, tanpri kontakte Krista Hawley, Ofisyè Odyans, Depatman Sèvis Piblik, sou [krista.hawley@mass.gov](mailto:krista.hawley@mass.gov) oswa vizite: <https://www.mass.gov/info-details/energy-efficiency-dockets-and-filings>.

**This document is an important Notice from Boston Gas Company d/b/a National Grid. To request translation and/or interpretation services, please contact Boston Gas Company d/b/a National Grid at: 1-800-322-3223.**

**Este documento es un Aviso importante de Boston Gas Company, operando bajo el nombre comercial de National Grid (“la Compañía”). Por favor, contacte a la Compañía en: 1-800-322-3223 para solicitar servicios de traducción y/o interpretación.**

此文件是 Boston 燃氣公司（營業名稱為 National Grid，簡稱「公司」）的重要通知。請透過 1-800-322-3223 聯絡公司來請求翻譯和/或口譯服務。

**Dikiman sa a se yon Anons enpòtan nan men Boston Gas Company nan, d/b/a National Grid (“Konpayi a”). Tanpri kontakte Konpayi a nan: 1-800-322-3223 pou mande sèvis tradiksyon ak/oswa entèpretasyon.**

**Tài liệu này là một Thông Báo quan trọng của Boston Gas Company, kinh doanh trong National Grid (“Công Ty”). Xin hãy liên hệ Công Ty tại: 1-800-322-3223 để yêu cầu các dịch vụ biên dịch (viết) và/hoặc thông dịch (nói).**

ឯកសារនេះគឺជាសម្រាប់អ្នកប្រើប្រាស់សំខាន់ ពីក្រុមហ៊ុនខ្លួន Boston, d/b/a National Grid ("ក្រុមហ៊ុន") ។ ស្តូមទាក់ទងក្រុមហ៊ុនតាមរយៈលេខ 1-800-322-3223 ដើម្បីទទួលិសំសវបក្រែបក្រោម។  
សារ និង/ឬសវបក្រែបក្រោម។

"الشركة"). يرجى National Grid للغاز، التي تعمل تحت اسم Boston هذه الوثيقة هي إشعار مهم من شركة الاتصال بالشركة من خلال: 18003223223 لطلب خدمات الترجمة و/أو التفسير.

Этот документ содержит важную информацию от компании Boston Gas Company, которая осуществляет свою деятельность под наименованием National Grid («Компания»). Пожалуйста, свяжитесь с компанией: 1-800-322-3223, чтобы запросить письменный и (или) устный перевод.

본 문서는 BOSTON GAS COMPANY, D/B/A NATIONAL GRID(“회사”)의 중요한  
공지입니다. 번역 및/또는 통역 서비스를 요청하시려면 회사(1-800-322-3223)에  
문의하시기 바랍니다.

Ce document est un avis important de Boston Gas Company, faisant affaire sous le nom de National Grid (« la société »). Veuillez contacter la société à l'adresse suivante : 1-800-322-3223 pour demander des services de traduction et/ou d'interprétation.